



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO NOME KOMISYON POU SIPÈVIZE KREYASYON ESTATI JIJ RUTH BADER GINSBURG

Komisyon an gen ladan rezo divès fanmi, zanmi, estime kòlèg ak lòt lidè defen Jij Ginsburg

Estatì a ap komemore Jiris ki gen renome a nan lye nesans li a ki se Brooklyn

Gouvènè Andrew M. Cuomo te nome jodi a 23 manm nan yon nouvo komisyon ki pral sipèvize kreyasyon yon estatì pou onore defen Jij Ruth Bader Ginsburg. Komisyon an gen ladan manm fanmi Jij Ginsburg, zanmi pwòch yo, estime kòlèg yo, ak lòt lidè yo. Komisyon an pral bay Gouvènè a rekòmandasyon konsènan atis, konsepsyon, anplasman ak enstalasyon nouvo estatì moniman komemoratif la.

"Mwa pase a mwen te anonse ke te Eta New York pral onore lavi ak eritaj Jij Ruth Bader Ginsburg avèk yon estatì nan Brooklyn, kote li te fèt la. Kounye a mwen ap pibliye yon lis 19 manm ke nou te nome nan komisyon ki pral sipèvize kreayasyon estatì a. Jij Ginsburg pral rete toutan yon pèsonaj inik nan istwa, san parèy nan rechèch jistis ak egalite anba lalwa pou tout ameriken yo. Sèlman dezyèm fanm ki te sèvi nan Tribinal Siprèm lan, Jij Ginsburg te yon chanpyon enfatigab pou dwa fanm yo epi pandan tout lavi li, li te navige yon ki mayifik nan yon peyizaj konplèks diskriminasyon ki baze sou sèks pou li finalman atenn tribinal ki pi wo a nan peyi a. Li te pwofite de pozisyon sa a pou li defann avèk fawouch dwa egal ego epi pou asire ke sila yo ki te swiv pa li yo tap fè fas ak mwens obstak nan tout chemen an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ruth Bader Ginsburg te enkane yon ansanm ideyal ki souvan manke dyalòg sivik jodi a - li te montre nou rezon, anpati ak espwa. Eritaj li a kòm yon jiris, pwofesè, avoka ak savan pral dire pandan plizyè jenerasyon epi nou santi nou onore pou nou erije yon estatì pèmanan nan memwa Jij Ginsburg. Bon Dye konnen li merite li."

Komisyon an ki konpoze ak 18 manm epi 5 manm onorè Gouvènè a te nome an gen ladan:

- Jane Ginsburg, pitit fi Jij Ruth Bader Ginsburg
- Clara Spera, pitit pitit fi Jij Ruth Bader Ginsburg
- Mimi Ginsburg, pitit pitit fi Jij Ruth Bader Ginsburg
- Constance Beaty, Atis ak Pòtretis pou Jij Ruth Bader Ginsburg

- Irin Carmon, Kòrespondan Senyò nan New York Magazine ak Ko-Otè "Notorious RGB: The Life and Times of Ruth Bader Ginsburg (Selèb RGB: Lavi ak Tan Ruth Bader Ginsburg)".
- Jodie Cohen, Direktè Lekòl Segondè (High School) James Madison
- Alphonso David, Prezidan Kanpay Dwa Zimen (Human Rights Campaign) an
- Fatima Goss Graves, Prezidan ak Direktè Egzekitif, Sant Nasyonal Dwa Fanm (National Women's Law Center) yo
- Subash Iyer, Konseye espesyal pou Etik, Risk ak Konfòmite (Ethics, Risk and Compliance) nan Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ak ansyen Sekretè pou Jij Ruth Bader Ginsburg
- Jij Robert A. Katzmann, Jij Sikui Etazini nan Tribinal Apèl Etazini pou Dezyèm Sikui (United States Court of Appeals for the Second Circuit)
- Shana Knizhnik, Avoka pèsonèl nan Sosyete Èd Legal (The Legal Aid Society) ak Ko-Otè "Notorious RGB: The Life and Times of Ruth Bader Ginsburg".
- Susana Torruella Leval, Direktè Emerit El Museo del Barrio
- Gillian Metzger, Harlan Fiske Stone Pwofesè Dwa Konstitisyonèl nan Columbia University ak Anseyen Sekretè pou Jij Ruth Bader Ginsburg
- Trevor Morrison, Dwayen Lekòl Dwa (School of Law) NYU ak Ansyen Sekretè pou Jij Ruth Bader Ginsburg
- Sonia Ossorio, Prezidan NOW New York (New York KOUNYE A)
- Anne Pasternak, Direktè Mize Brooklyn (Brooklyn Museum)
- William Savitt, Patenè, Litigation Wachtell, Lipton, Rosen & Katz ak Ansyen Sekretè pou Jij Ruth Bader Ginsburg
- Nina Totenberg, Korespondan Afè Jiridik nan NPR

Manm Onorè yo

- Onorab Hillary Clinton, Ansyen Sekretè Deta Etazini
- Janet DiFiore, Jij Prensipal nan Tribinal Apèl ak Eta New York la
- Letitia James, Pwokirè Jeneral Eta New York
- Jij Sonia Sotomayor, Jij Asosye nan Tribinal Siprèm Etazini an
- Gloria Steinem, Aktivis feminis ak Ko-Fondatè Ms. Magazine

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)